

Rapèl: Vin patisipe nan yon aktivite vityèl sou admisyon nan lekòl presegondè!

Chè fanmi,

Nou swete w patisipe avèk nou nan youn nan sesyon enfòmasyon vityèl nou yo!

Kòm yon rapèl, aktivite sou entènèt sa a se pou tout fanmi Vil Nouyòk ki gen elèv senkyèm ane k aplike nan lekòl presegondè. Nou pral gade kòman pou konnen opsyon ki genyen pou pitit ou a pou lekòl presegondè, kòman pou aplike ak kòman yo fè òf yo, epi kòman pou gen aksè nan kont MySchools pitit ou a. Aprè prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen. Tout sesyon yo vityèl sou entènèt, donk ou ka patisipe nenpòt kote ou ye!

Ou pa bezwen anrejistre pou patisipe; sepandan, **yon modpas (yo bay pi ba a) obligatwa pou patisipe nan aktivite sou entènèt la.**

KÒMAN POU PATISIPE NAN NENPÒT SESYON

Chak sesyon ap fèt andirèk sou entènèt.

- Vin patisipe avèk nou sou Zoom nan [klike la a](#) nan lè aktivite yo kòmanse.
- ID Webinar: 8639 9226 3300 | Kòd pas: 123456
- Oswa rele nan: +1 646 -558 -8656 | ID Konferans nan telefòn: 863 922 633 00#

DETAY SOU AKTIVITE KI GEN POU FÈT AK SIPÒ POU LANG

- **20 janvyè**, 5pm rive 6pm | Aktivite a ap fèt nan lang **Anglè**.
 - Pou entèpretasyon nan lang Panyòl pandan sesyon sa a, rele +1 , 347-966-4114 | ID Konferans nan telefòn: 561 724 844#
 - Pou entèpretasyon nan lang Bengla pandan sesyon sa a rele +1 347-966-4114 | ID Konferans nan Telefòn: 623 353 643#
 - Pou entèpretasyon nan lang Koreyen pandan aktivite sa a, rele +1 347-966-4114 | ID Konferans nan Telefòn: 842 604 697#
- **25 janvyè**, 5pm rive 6pm | Aktivite a ap fèt nan lang **Anglè**.
 - Pou entèpretasyon nan lang Chinwa (Mandaren) pandan aktivite sa a, rele +1 347-966-4114 | ID Konferans nan telefòn: 667 213 560#
 - Pou entèpretasyon nan lang Kreyòl Ayisyen pandan aktivite sa a, rele +1 347-966-4114 | ID pou Konferans nan Telefòn: 934 769 33#
 - Pou entèpretasyon nan lang Oudou pandan sesyon sa a rele +1 347-966-4114 | ID Konferans nan Telefòn: 308 841 678#
- **28 janvyè**, 1pm rive 2pm | Aktivite a ap fèt nan lang **Anglè**.
 - Pou entèpretasyon an Arab pandan aktivite sa a, rele +1 347-966-4114 | ID Konferans nan Telefòn: 689 430 028#
 - Pou entèpretasyon nan lang Fransè pandan aktivite sa a, rele +1 347-966-4114 | ID Konferans nan Telefòn: 720 642 58#

- Pou entèpretasyon nan lang Ris pandan aktivite sa a, rele +1 347-966-4114 | ID Konferans nan telefòn: 795 126 140#

Ou pa ka patisipe nan yon aktivite oswa ou vle gade l ankò?

Yo pral afiche yon nrejistreman ki gen soutitraj nan schools.nyc.gov/Middle de semèn apre premye aktivite a.

Bon siksè,

Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Pa bliye mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl presegondè nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w pa vle resevwa mesaj ankò sou admisyon nan lekòl presegondè, tanpri klike [la a](#).